Перийзат ИМАМАТДИНОВА

# Қараөзегим




Сканировано с CamScanner

Книга должна быть
Возврашена не позже
Указанного здесь срока
Количество предыдущих
выдач_______________

ПЕРИЙЗАТ ИМАМАТДИНОВА

# ҚАРАӨЗЕГИМ

НӨКИС
«AVANGARD-BASPA»
2022

Сканировано с CamScanner

УОК 821.512.121-1 (081)
КБК 5Қар
И67

**Имаматдинова П. Қараөзегим** [Текст]:– Нөкис: «Avangard-basра» баспасы, 2022. – 32 б.

П. Имаматдинованың «Қараөзегим» атамасындағы бул китабында ана Ўатан, ата-ана туўысқанлы, ана тилимизде таза сөйлеўге шақырыў ҳәм арнаў қосықлары орын алған.

Жас шайыра қызымыздың дөретиўшилик жумысларында табыслар тилеймиз.

**Пикир билдириўши**

**Әбдиқадир Қайыпов** — *Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы. Орайлық Азия Жазыўшылары ҳәм тарийхшылары аўқамының «Туран бирлиги – Мықлы қәлемгер» медалының ийеси.*

ISBN 978-9943-4403-4415-0-7

© ИМАМАТДИНОВА П., 2022
© AVANGARD-BASPA, 2022

SHIMBAY RAYONI MA'LIMLEME
KITAPXANA ORAYI
"22" 12 2022
№2022/24-98.

Сканировано с CamScanner

## АТА-АНА

Ата-ана мийўалы дарақ,
Бала болар оның жемиси.
Тәрбиялап адам қылады,
Ислериниң болмас кемиси.

Улы-қызын еслеп кеўили толар,
Гейде сени айтып мақтап та алар.
Алыс сапарларға кетсең асығып,
Келгениңше жолыңа қарап та турар.

Жақсы пазыйлетлер сиңирер бойға,
Батады бизди деп мың қыйлы ойға,
Ертең ел-журтына келтирсин пайда,
Деген қыял менен жасайды олар.

Қай жерде де тилер саған жақсылық,
Бахтыңды қәлейди жүрсең мәсирип.
Қанша алыс сапарларға шексең де,
Ата-анаң алдына жуўыр асығып.



Сканировано с CamScanner

# НӘПСИҢИЗГЕ УСТАЗ БОЛЫҢ, АДАМЛАР

Қағылмайын десеңиз туўры жолдан,
Дәўлетим таймасын десеңиз қолдан,
Өзиңиз тыймақшы болсаңыз молдан,
Нәпсиңизге устаз болың, адамлар.

Қалмаў ушын өкинип ең соңында,
Алданбай бул өмирдиң жолында,
Десеңиз: ислерим кетсин оңында,
Нәпсиңизге устаз болың, адамлар.

Байысаңыз ҳарамнан жыйылыўдан,
Бир алсаңыз қыйын болар тыйылыўдан,
Қорқсаңыз жарты жолда қыйылыўдан,
Нәпсиңизге устаз болың, адамлар.

Барыңызға қанәәт ете билип,
Ҳадаллықты жолдас ете билип,
Өмирде туўры жолдан кете билип,
Нәпсиңизге устаз болың, адамлар.

Буйырмайды аңсат ғана алғаныңыз,
Биреўлерди қыйын ҳалға салғаныңыз,
Болар қуры гүналарға қалғаныңыз,
Нәпсиңизге устаз болың, адамлар.

Өзгелер ҳақын жеп, дастурхан толып,
Мәңгилик емес бул, қалады солып,
Есиң болса, ҳүжданыңа шәкирт болып,
Нәпсиңизге устаз болың, адамлар.



Сканировано с CamScanner

# АЛДЫҢЫЗДА БАС ИЙЕМИЗ, МУҒАЛЛИМ

Бир кәсип бар даңқы көкке тараған,
Бәрқулла ел хызметине жараған,
Ис буйырса мен жомалап бараман,
Алдыңызда бас ийемиз, муғаллим.

Оқыўшы өмиринде орныңыз үлкен,
Ҳәмийше алғыслар аласыз елден,
Сонлықтан, сизиң орныңыз төрден,
Алдыңызда бас ийемиз, муғаллим.

Алжассақ та гейде етип балалық,
Күйдирсек те гейде қылып шалалық,
Сонда да жалықпайсыз, айтып даналық,
Алдыңызда бас ийемиз, муғаллим.

Ашыўланған, бақырған ўақтыңыз болды,
Түсиниспей қапа болған ўақтымыз болды,
Лек, сизден бәрқулла кеўлимиз толды,
Алдыңызда бас ийемиз, муғаллим.

Устаз да инсан ғой, ол да шаршайды,
Қашанғы бар күшин бизге жумсайды?
Ол да бир күн дем алыўды қумсайды,
Алдыңызда бас ийемиз, муғаллим.

Қыйын ғой мыңсан жастың кеўлине қараў,
Пүткил өмирин жасларға, билимге арнаў,



Сканировано с CamScanner

Рахмет айтып жаздым бүгин қутлықлаў,
Алдыңызда бас ийемиз, муғаллим.

Алдыңыз жети жастан қушағыңызға,
Жеттик усы күнге қушағыңызда,
Ақ енди бизди деп шашларыңызға,
Алдыңызда бас ийемиз, муғаллим.

Бул уллы кəсипте болсын табыслар,
Мийнетлериңиз туўры жолға баслар,
Халқымыз ҳəмийше айтар алғыслар,
Алдыңызда бас ийемиз, муғаллим.

Жалықпаң, шаршамаң сизге тилегим,
Бизди жетик етиў баслы тилегиң,
Соғып турсын «Жас əўлад» деп жүрегиң,
Алдыңызда бас ийемиз, муғаллим.

## ЖОҒАЛТПАЙЫҚ, ДОСЛАР, АНА ТИЛИМИЗДИ

Жоғалмақта инсанларда ийбе-уят,
Жоғалмақта, əттең, ҳəтте, мəденият,
Бирақ, буны сезбейди инсаният,
Жоғалтпайық, енди Ана тилимизди.

Ана тилиң – анажаның емес пе?
Нəресте де дəслеп «Ана» демес пе?
Тилди қəдирлесек шыңға келмес пе?
Жоғалтпайық, дослар, Ана тилимизди.



Сканировано с CamScanner

Қәдирле, абайла, намыс-арың бил,
Басқа нең бар? Тилди пүткил барың бил,
Сазға қоссаң дуўтардағы тарың бил,
Жоғалтпайық, дослар, Ана тилимизди.

Ҳеш ким таза сөйлемейди, сездиң бе?
Яки сен де өз тилиңнен бездиң бе?
Бир рет болсын тил деп жаның ездиң бе?
Жоғалтпайық, дослар, Ана тилимизди.

Қорқар инсан: пулсызлықтан, өлимнен,
Қорқпайды ҳеш жоғалттым, – деп тилимнен,
Етейин мен бир илтимас елимнен –
Жоғалтпайық, дослар, Ана тилимизди!

## ТӨЗИМЛИ АНА

Мыңсан тәшиўишлери болса да,
Жүреги жасқа толып турса да,
Шыдап болмас сынақларды жеңеди,
Анадай төзимли ким бар дүньяда?!

Қыйналған болса да қыйналдым демес,
Аўырған болса да аўырдым демес,
Жаны азапланар, лекин билдирмес,
Анадай төзимли ким бар дүньяда?!

Иши жыласа да, жүзи күледи,
Көз жасларын жасырғысы келеди,
Ғам-тәшиўишти жасырмағыл, анажан –
Бәри бир перзентиң оны биледи.



Сканировано с CamScanner

Қуўанар гейде ол жас баладай,
Ақыл айтар-ақыллары данадай,
Тәрийплеўге тил жетпестей инсан ол,
Бул дүньяда ким төзимли анадай?!

## ТАМШЫЛАР

Азапланар тийген яңлы қамшылар,
Сол қамшылар дәртлери негиз.
Ийегинен ашшы көз жас тамшылар,
Тамшылардан жаралар теңиз.

Теңиз! Теңиз суўы оғада шорлы
Көз жаслардан жыйналғанлықтан,
Терең... қанша жас төгипти-аў сорлы,
Дәрттен жаны қыйналғанлықтан.

Жүзин жуўған ашшы жаслар сол қыздың,
Қәлбинен дәртлерин де жуўып па?
Толқытқан сол толқынлары теңиздиң,
Өмиринен қайғыларын қуўып па?!

Таўсылмайды мөлт-мөлт жаслар төкпекте,
Буншама жас қалай сыяр көзине,
Эҳ, әттең, қыз сол теңизге шөкпекте,
Дәрт теңизи әжел болып өзине.



Сканировано с CamScanner

# КЛАССЛАС

Билип қалдым бүгин, достым, сырыңды,
Жасырылған, ашылмаған қырыңды,
Пиво ишип, сигарета түтетип –
Жүргениңе арнап жаздым жырымды.

Қызықсынып еликледиң өзгеге,
Кирмей ата-анаң айтқан сөзге де,
Дәм татып нәшебентлик бәлесинен,
Билип нәтийжесин илмей көзге де.

Басланды ма бәри сол бир атымнан?
Өткел жолда қызығып бир татымнан,
Жыйнап ал, сен, ес-ақылың, класслас,
Тәсирленсең жазған усы хатымнан.

Аўырыўлы өзи алдыннан өкпең,
Сен деп анаң қанша көз жасын төккен,
Сүйениш бол сен анаңа, класслас,
Таўдай анаң көзи мөлтиреп шөккен.

Алжасасаң бул исим жигитлик десең,
Ағармас бул жаман иллеттен кесең,
Бүгин шалқып жүргениң менен, класслас,
Өкинесең аўырыў азабын шексең.

Бул нәрселер зыян етер саўлығың,
Билесең ғой нәшебентлик жаўлығын,
Шеклеў қойма өмириңе, класслас,
Узақ жаса, көрип ақлық-шаўлығың.



Сканировано с CamScanner

Жолатпа өкпеңе зыянлы түтин,
Болсын десең егер саўлығым пүтин,
Өзиңди тыйып бул бәледен, класслас,
Жақынларың ушын өзиңди күтин.

Көрингени көзиңе бүгин зор болып,
Шырмап атыр сени қара тор болып,
Жаным ашып атыр саған, класслас,
Қалма деймен ертеңги күн қор болып.

Билдирилген исенимди ақла сен,
Ата-анаң тәрбиясын жақла сен,
Бир керекли инсан болып, класслас,
Дәм татқан ас-дузыңды ақла сен.

## ШАПАЛАҚ

*(Ҳәзил аралас шын)*

Денемди ыссы қуяшқа қуўырып,
Түн болғанша көше шаңын суўырып,
Эх, кешиктим-аў!-деп үйге жуўырып,
Ойнап келгенимде жедим шапалақ.

Қылма деген исин қылып күйдирип,
Ашыўына тийип қабақ үйдирип,
Гейде жақ жарысып, мушын түйдирип,
Қырсығып әжағамнан жедим шапалақ!

Таярлықсыз барсам тексериў келди,
Өткен күни устаз ескертиў берди,



Сканировано с CamScanner

Ертең ата-анаңды ертип кел, – деди,
Умытып устазымнан жедим шапалақ.

Дәрт береди Аллам сынар бендени,
Жыласам, бәнелеп дәрриў ҳәр нени,
Бәлким, қыйнаў ушын жаратқан мени,
Ең аўыры өмирден жеген шапалақ.

## ҮКЕМ

Жыр шығарып өзиңдикин туўры деп,
Айтқаныңды қылдырасаң мийди жеп,
Қуўанамыз сени жубатсақ еплеп,
Еркелик минезиңнен күйемен, үкем.

Сөйлеп үлкенлерге тик қарар турып,
Үлкен бе, киши ме қарамай урып,
Керексиз ис баслап, төбелес қурып,
Көкирек минезиңнен күйемен, үкем.

Бундай минезиңнен тынышлық қайда,
Тек өзиңе зыян, жоқ ҳеш те пайда,
Қызысып арзымас гәпке де майда,
Ашыўшақ минезиңнен күйемен, үкем.

Барлық ислериңде бәрҳа шалалық,
Ойланбайсаң басым болып балалық,
Кирмес қулағыңа ҳеш бир даналық,
Қулақсыз минезиңнен күйемен, үкем.

Пайдаланар садалығың бала да,
Айталмай пикириң қалып жалаға,



Сканировано с CamScanner

Сыймас бул минезиң ҳәтте, далаға,
Садалық минезиңнен күйемен, үкем.

## ЖАҚСЫ МА?

*(Арамыздағы айырым адамларға арнап жазылды)*

Досларым бар жығылғанда жоламас,
Шақырғанда айланып бир қарамас,
Дус келгенде ҳал сораўға жарамас,
– Сәлем, қалай, денсаўлығың жақсы ма?

Таслап қартайғанда ата-анасын,
Пуллап көк қағазға ҳәтте, баласын,
Езилерсең еситкенде наласын,
Эй адамзат, усы исиң жақсы ма?

Жигерлер бирин-бири көралмайды,
Асып-тасып турса да бералмайды,
Аяғынан шалмастан жүралмайды,
Эй адамзат, усы исиң жақса ма?!

Өзим дейтин тек өзимшил ул болар,
Ойлағаны дүнья, байлық, пул болар,
Нәкәс бенде өз пәпсине қул болар,
Эй адамзат, усы исиң жақсы ма?

Қуўанады дәртиңнен қан жыласаң,
Басып өтер сени, жерге қуласаң,
Умытады мың жақсылық қыласаң,
Эй адамзат, усы исиң жақсы ма?



Сканировано с CamScanner

Урлап алар қанәәтленбей барына,
Яки күшлеп қулақ аспай зарына,
Көз тигеди, ҳәтте, өзге ярына,
Эй адамзат, усы исиң жақсы ма?

Умытқан ийгилик, саўап, ийманды,
Тәуир көрер тек ҳарамнан жыйғанды,
Есиктен қайтарар келген миймāнды,
Эй адамзат, усы исиң жақсы ма?

Өсек қылар артынан, көрмей-билмей,
Менменсиреп ғәрипти көзге илмей,
Жүралмас мазақлап үстинен күлмей,
Эй адамзат, усы исиң жақсы ма?

Рәҳәтленер азап берсе өзгеге,
Арланбайды, уялмайды сөзге де,
Арзымас ертең кепинлик бөзге де,
Эй адамзат, усы исиң жақсы ма?

Меҳир жоқ, етери зулым ҳәм жәбир,
Жаманлық қылады қәдемде ҳәр бир,
Жеркенер қабыллаўға ҳәтте, қәбир,
Эй адамзат, усы исиң жақсы ма?

Өткен аўыр күнин умытар демде,
Ойламайды «О дүнья»сын бир бенде,
Шаршадым жыр жазып сизлерге мен де,
Айтыңлар, дозаққа түспек жақсы ма?



Сканировано с CamScanner